

YO TE TESTE OU POU COVID-19

KOUNYE A KISA POU W FÈ?*

PANDAN W AP TANN rezilta COVID-19 ou yo, pwoteje fanmi ou, zanmi ou ak kominote w la:

SA POU W FÈ:



Limite entèaksyon avèk moun ki antoure w yo. Rete nan yon sal apa, pa egzanp yon chanm, lwen lòt moun ki lakay ou yo. Itilize yon saldeben diferan si ou kapab.



Mete yon mask oswa yon kouvèti figi an tisi (an twal). Asire w ke li kouvri nen ou ak bouch ou. Sonje pou w rete a yon distans 6 pye parapò a moun yo ak bèt yo. Moun ki pre w yo ta dwe yo-menm tou mete yon mask oubyen yon kouvèti figi an tisi ki kouvri nen yo ak bouch yo.



Itilize sèvis livrezon repa oubyen manje lè sa posib oubyen mande fanmi ou ak zanmi ou ede w.



Netwaye epi dezenfekte bagay ou manyen yo, pa egzanp bouton pou limen limyè, manch pòt yo, tab yo ak rimòt kontwòl yo.



Lave men ou souvan. Itilize savon ak dlo pandan 20 segond pou pi piti. Si w pa gen dlo ak savon, itilize dezenfektan pou men ki gen pou pi piti 60 pousan alkòl.



Kouvri touse ou ak etènye ou. Touse oubyen etènye nan koud bra w oswa nan yon mouchwa, epi lave men ou.



Konsidere moun ki ap viv menm kote avèk ou yo. Si w ap viv menm kote avèk yon moun ki gen pwoblèm sante, chèche konnen si pa gen lòt kote ou kapab rete annatandan ou gaya.

SA POU W PA FÈ:



Pa soti kite kay ou, sof si ou bezwen swen medikal.



Pa itilize objè pèsònèl ansanm ak lòt moun. Ou pa ta dwe pataje bagay tankou asyèt, sèvyèt, dra, zorye, matla, etsetera, menm avèk fanmi ou.



Pa itilize transpò piblik, si w gen yon lòt chwa.

Èd la la pou ou!

Michigan 2-1-1: Vizite mi211.org oswa rele 2-1-1 pou w konekte avèk resous ki gen nan kominote lokal ou a, tankou lojman ak èd lajan.

MI Bridges: Ale sou Michigan.gov/MIBridges jodi a pou w mande èd tankou èd manje ak kouvèti swen sante, epi aprann konsènan resous ki genyen nan kominote w la.

Konsèy Sikolojik Michigan Stay Well: Rele 1-888-535-6136 epi peze "8" pou pale avèk yon konsèy sikolojik Michigan Stay Well oswa vizite Michigan.gov/StayWell pou plis enfòmasyon. Konsèy sikolojik la gratis, konfidansyèl epi li disponib 24 sou 24.

Si rezilta tè COVID-19 ou a POZITIF, kontinye pran menm mezi yo pou pwoteje lòt yo EPI:



Reponn apèl depatman sante w la. Y ap kontakte ou pou kòmanse rechèch kontak. Yo kapab reponn kesyon w yo tou.



Veye senptom grav yo oubyen lòt ijans sante. Si w rele 911, di yo ke w gen COVID-19.



Aprè 10 jou, ou kapab fini izolman an si ou satisfè kritè sa a yo:

- Ou pa te gen lafyèv pandan **24 èdtan** pou pi piti, **san ou pa itilize medikaman pou bese lafyèv.**
- Lòt senptom yo **amelyore**, pa egzanp touse oubyen souf kout.

Si ou teste NEGATIF, MEN ou kontinye gen senptom yon maladi:



Rete lakay ou epi lwen lòt moun. Jiska pou pi piti 24 èdtan apre senptom yo ale



Rele doktè ou. Mande li si ou pa ta dwe fè tè ankò pou lòt maladi, si ou kontinye gen senptom COVID-19.

Si ou teste NEGATIF epi ou pa gen senptom, MEN depatman sante lokal la te mande ou antre an karantèn:



Kontinye suiv enstriksyon depatman sante a.

Rechèch Kontak: A Kisa pou Ou Atann ou

Si ou resevwa yon apèl depatman sante lokal ou a oubyen MI COVID HELP (ÈD COVID MICHIGAN), li enpòtan pou ou reponn telefòn nan pou pwoteje zanmi ou, fanmi ou, vwazen ou ak kanmarad travay ou.

- Yo pa p bay okenn moun non ou.
- Yo pa p janm mande ou idantifikasyon pèsònèl tankou nimewo Sekirite Sosyal, pèmi kondui, sitiwayon imigrasyon oubyen enfòmasyon kat kredi.
- Moun k ap fè rechèch kontak la ap poze w kesyon sou kijan ou santi ou epi sou moun ke ou te an kontak avèk yo gen yon ti tan de sa. Yo kapab ba ou kèk ti konsèy tou sou kijan pou w pwoteje lòt moun yo.

Pou plis enfòmasyon, vizite [Michigan.gov/ContainCOVID](https://www.michigan.gov/ContainCOVID).

*Direktiv sa a pa aplike a travayè swen sante yo oswa premye entèvenan yo.